

ELÈV KI PA ELIJIB ANKÒ POU SES

5 novanm 2010

Chè Paran :

Depatman Edikasyon Eta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED) te pibliye semèn sa a lis final konplè “Lekòl ki bezwen amelyorasyon *Schools In Need of Improvement* (SINI)” pou ane akademik 2010/11. Elèv nan lekòl SINI sa yo k ap viv nan sitiyasyon difisil te elijib pou Sèvis edikasyon siplemantè *Supplementary Education Services* (SES) pou pran leson patikilye gratis apre lekòl grasa lajan Lwa federal ki rele “Pa kite okenn timoun rete dèyè *No Child Left Behind* (NCLB)” te bay.

Byenke pitit ou a te elijib pou leson patikilye apre lekòl dapre yon lis **yo te fè anvan**, yo pa mete ankò nan lis final Eta a pibliye non lekòl li a pami lekòl yo konsidere ki “bezwen amelyorasyon”. Kidonk, pa gen lajan disponib ankò pou sèvis sa yo.

Byenke pa gen lajan federal disponib pou sèvis sa yo alavni, nou pa p voye yon avi sou yon ti bout tan limite konsa pou refize ofri sesyon leson patikilye. Olye sa, n ap pèmèt ajoute 6 semèn leson patikilye anplis apre 12 novanm 2010 pou elèv yo.

Tanpri sonje si yo potko kòmanse pwogram leson patikilye pou pitit ou a, li ta pi bon pou pa fè l kòmanse pwogram lan kounye a pou jis kèk semèn. Nou konseye w tcheke pito sitiyasyon lekòl pitit ou a ane pwochèn konsènan elijiblite l pou SES ak peryòd enskripsyon.

Nou swete pou pitit ou a gen siksè,

Sherry Hawn

Direktris Pwogram SES